**दिन–मंगलवार** **दिनांक–24.09.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

पटना, बेगूसराय, मुंगेर आ भागलपुर समेत प्रदेशक विभिन्न बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे स्थिति में सुधार नहिं भेल अछि। एहि जिला सभ मे करीब चौदह लाखक आबादी बाढ़ि सँ प्रभावित अछि। पटना जिलाक नक्टा दियारा आ दानापुरक अकिलपुर, गंगहारा, बख्तियारपुरक चिरैयां रूपस, हरदासपुर दियारा समेत गंगा नदीक तटीय क्षेत्र मे स्थिति बदतर बनल अछि। पटनाक जिलाधिकारी डॉक्टर चन्द्रशेखर सिंह बाढिक स्थिति के देखैत आठ प्रखंडक छिहत्तरि विद्यालय के छब्बीस सितम्बर धरि बंद रखबाक आदेश देलनि अछि। बेगूसराय जिलाक बछवाड़ा, मटिहानी समेत विभिन्न प्रखंड में गंगा नदीक बाढ़ि सँ लोकक जीवन अस्त–व्यस्त भेल अछि। लखमिनिया–गुप्ता बान्ह पर लगातार दबाव बढ़ल जा रहल अछि। मुंगेर मे सेहो बाढ़ि प्रभावित क्षेत्र मे कोनो सुधार नहि भेल अछि। भागलपुरक कतेको शहर आ ग्रामीण क्षेत्र मे गंगा नदीक पानि प्रवेश करबाक कारणे जन–जीवन प्रभावित भेल अछि। तिलका मांझी विश्वविद्यालय परिसर मे सेहो पानि लागि गेल अछि। विश्वविद्यालय प्रशासन अपन कॉलेज सभ मे होबय बला परीक्षा सभ के अगिला आदेश धरि लेल स्थगित कऽ देलक अछि। कतेको ठाम सड़क मार्ग पर पानि लगलाक कारणे आवाजाही बाधित भऽ गेल। सभ ठाम प्रशासन द्वारा बाढ़ि पीड़ितक लेल सामुदायिक भान आ आश्रय स्थलक व्यवस्था कयल गेल अछि। ओतहि, बाढ़िक कारणे भागलपुर–जमालपुर रेलखंड पर पछिला तीन दिन सँ बंद ट्रेनक परिचालन आइ सँ शुरू भऽ गेल।

---

पड़ोसी राज्य आ प्रदेशक विभिन्न भाग मे भऽ रहल बरखाक कमीक कारण गंगा आ विभिन्न सहायक नदीक जलस्तर मे कमी भऽ रहल अछि। गंगा नदीक जलस्तर मे पटना सँ लऽकऽ कहलगांव धरि कमी दर्ज कयल गेल। एकर बादो सभ स्थान पर गंगा नदीक जलस्तर लाल निशान सँ ऊपर बनल अछि।

---

प्रदेशक विभिन्न भाग मे मॉनसून एक बेर पुनः सक्रिय भऽ गेल अछि। मौसम विभाग अपन पुर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला तीन दिन धरि भागलपुर, मुंगेर, जमुइ, बांका, किशनगंज, अररिया, सीतामढ़ी आ मधुबनी समेत प्रदेशक दक्षिण–पूर्व, दक्षिण–मध्य, उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–पूर्व भाग मे भारी बरखा हेबाक संभावना बनल अछि। एहि क्रम मे मेघगर्जनक संग ठनका खसबाक आशंका सेहो अछि। प्राप्त संवादक अनुसार आइ किशनगंज आ अररिया सहित किछु क्षेत्र मे झमाझम बरखा भेल।

——————————————————————————

प्रदेशक स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि अछि जे दरभंगाक शोभन मे एम्स निर्माण लेल सभ जमीन हस्तांतरित करबाक प्रक्रिया पूरा भऽ गेल। आइ पटना मे सचिवालय स्थित विकास भवन सभागार मे एम्स निर्माण लेल शेष बचल सैंतीस दशमलव तीन एक एकड़ जमीन हस्तांतरित कयल गेल। एहि सँ पूर्व बिहार सरकार एक सय पचास दशमलव एक तीन एकड़ जमीन पहिनहि हस्तांतरित कऽ चुकल अछि। श्री पांडेय कहलनि जे जमीनक दस्तावेज एम्सक कार्यपालक निदेशक माधवानन्द के सौंपल गेल। प्राप्त जनतबक अनुसार एम्सक निर्माण काज के प्रारम्भ जल्दीए प्रधानमंत्री द्वारा आधारशीला राखि कऽ कयल जायत।

——————————————————————————

केन्द्रीय कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि अछि जे कृषि भारतीय अर्थव्यवस्थाक रीढ़ अछि आ किसान ओकर आत्मा। नव दिल्ली मे किसान आ किसान संगठनक बैसारक बाद पत्रकार लोकनि के ओ जनौलनि जे केन्द्र सरकार किसानक प्रत्येक समस्या के गंभीरता सँ हल करबाक प्रयास कऽ रहल अछि।

——————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सांसद वीणा देवीक पुत्र राहुल सिंहक असामयिक निधन पर शोक संवेदना व्यक्त कयलनि अछि। विदित अछि जे काल्हि सांझ राहुल सिंहक मृत्यु एक सड़क दुर्घटना मे भऽ गेलनि।

---

संतानक पैघ उम्र आ सुख–समृद्धि लेल कयल जायवला जीतियाक अनुष्ठान कयल जा रहल अछि। मिथिला पंचांग के अनुसार माता लोकनि आइ निर्जला व्रत रखने छथि आ काल्हि सांझ पारन करतीह। जखनकि बनारस पंचांगक अनुसार माता लोकनि काल्हि व्रत रखतीह।

---

केन्द्रीय मंत्री सतीश चन्द्र दूबेक उपस्थिति मे पश्चिम चंपारण जिलाक पतिलार मे जिला भाजपा दिस सँ सदस्यता अभियान चलाओल गेल।

---

आकाशवाणी पटनाक केन्द्र परिसर मे स्वच्छता संवादक आयोजन कयल गेल। केन्द्राध्यक्ष हेमंत डी. सिडाम परिसर के साफ सुथरा रखबा लेल विचार–विमर्श कयलनि।

---

बेगूसराय जिलाक बछबाड़ा थाना क्षेत्र अंतर्गत गोपालपुर मे दू बच्चा बाढ़िक पानि मे डूबि गेलाह। एहि मे सँ एक बच्चाक शव निकालल गेल जखनकि दोसर के खोज भऽ रहल अछि।

---

अररियाक नेताजी सुभाष स्टेडियम मे छब्बीस सितम्बर सँ राज्यस्तरीय वुशु प्रतियोगिताक आयोजन कयल जायत।

---

समाप्त